



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO METE AKSAN SOU BIWO POU NOUVO AMERIKEN AN POU 5ÈM ANIVÈSÈ TOU PREMYE BIWO SÈVIS IMIGRAN ETA A

*Biwo a te Ede Plis Pase 200,000 Moun Atravè Sèvis Legal Gratis yo, Fòmasyon,
Asistans pou Espri Antreprenarya, Kou Anglè kòm Dezyèm Lang ak plis ankò*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te rekonèt senkyèm anivèsè Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki se tou premye biwo lalwa kreye nan nasyon an pou sèvis imigran yo. Depi kreyasyon I, Biwo pou Nouvo Ameriken an te ede plis pase 200,000 Nouvo Ameriken navege pwosesis naturalizasyon an, kòmanse devlope pwòp biznis pa yo, aprann anglè epi vin fè pati tisi kiltirè divès New York la.

“New York te toujou - epi I ap toujou rete - yon vrè flanbo espwa ak pwomès, avèk Madam Libète k ap akeyi imigran vini sou rivaj nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou te kreye Biwo pou Nouvo Ameriken an paske imigran yo merite tout opòtinite anpil jenerasyon avan nou te jwi yo. Resous aksesib ak akeyan sa a te ede anpil santèn milye moun navege atravè pwoblèm imigrasyon k ap deplizanpli pi konplike yo epi pou yo finalman pwospere nan moman ensèten sa yo.”

An 2013, Gouvènè Cuomo te bay Depatman Eta New York la lòd pou yo kowòdone avèk 27 founisè sèvis imigrasyon ki baze nan katye nan 21 vil atravè eta a yo pou yo sèvi kòm Sant Opòtinite (Opportunity Centers). Sant Opòtinite sa yo ofri asistans gratis pou moun k ap chache aprann anglè, jwenn konsèy legal, ak jwenn aksè ak gid pou sèvis eta a yo atravè pwosesis imigrasyon ak naturalizasyon an. Apresa a, Gouvènè a te kodifye kolaborasyon an kòm Biwo pou Nouvo Ameriken an nan lwa a, sa ki rann li vin sèl tip ajans pèmanan konsa nan nasyon an.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Antanke pitit pitit imigran ilandè ki te sove kite povrete pou vin chache yon lavi miyò, mwen gen anpil apresyasyon pou pwoblèm Ameriken ki pi nouvo yo ap konfwonte yo. Biwo sa a te rann vwayaj la pi fasil lè yo ofri sèvis imigran bay anpil santèn milye nouvo Nouyòkè, epi mwen te pèsonèlman wè I k ap travay pandan m t ap patisipe nan plizyè seremoni naturalizasyon. Biwo pou Nouvo Ameriken an ede moun yo simonte baryè yo epi montre yo konpetans ki nesesè pou ede yo reyisi. Nou pral kontinye envesti nan kominate enkliziv, divès ki defini sa ki pi meyè eta nou gen pou ofri yo”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Se sa ki defini Eta New York. Nou anbrase eritaj eta nou an ki se akeyi sila yo ki vini an Amerik nan espwa pou yo pouswiv rèv yo. Nan mitan fèvè deba imigrasyon k ap fèt onivo nasyonal la, ONA te travay san pran souf pou yo konekte avèk Nouyòkè yo. Nou te ogmante efò sansibilizasyon ak edikasyon pou rezidan ak kominote yo atravè eta a pou asire yo konnen dwa yo ak kijan pou yo jwenn asistans gratis”.

Direktè Biwo pou Nouvo Ameriken an, Laura V. Gonzalez-Murphy, MS, PhD, te di, “Gouvènè Cuomo ap asire pò New York yo non sèlman akeyan pou imigran yo, men tou ofri resous nesesè pou fanmi ak biznis yo ka devlope ak pwospere. Biwo pou Nouvo Ameriken an te gen enpak sou anpil milye lavi Nouyòkè yo, epi nou optimistik pou plis bèl bagay k ap vini alavni ankò”.

Travay Biwo pou Nouvo Ameriken an

Depi kreyasyon li, ONA te evolye epi li kontinye travay avèk patnè k ap reflete chanjman ki kontinye genyen nan bezwen kominote imigran yo ak anviwonnan politik la.

Biwo pou Nouvo Ameriken an te sèvi plis pase 200,000 Nouyòkè pandan senk ane ki sot pase yo. Pami sa yo:

- 19,543 te pou Natiralizasyon ak aplikasyon ak referans pou benefisyè Aksyon Difere pou TImoun ki Vini Depi Piti yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA);
- 31,780 te patisipe nan kou anglè kòm dezyèm lang (English as a Second Language, ESOL) atravè eta a yo;
- 4,161 te patisipe nan kou sou espri antreprenarya atravè New York;
- 500 te diplome avèk omwen 20 èdtan kou anglè via Cell-Ed, ki se yon sistèm pou moun ki gen difikilite ale nan kou yo pou yo aprann anglè nan telefòn; epi
- 1,540 ki angaje aktivman nan Cell-Ed toupatou atravè eta a.

Travay ONA a te amelyore avèk liy asistans pou Nouvo Ameriken an

- 800-566-7636 - kote moun yo ka jwenn sèvis miltileng gratis ak depoze plent kont fwòd yo. Depi kreyasyon li, yo te depoze plis pase 150 plent kont founisè sèvis legal fwòdilan yo nan liy asistans lan ki te refere yo bay biwo Pwokirè Distri apwopriye yo.

Anplis de asistans dirèk gratis yo bay moun, ONA te mennen plis pase 6,000 seminè ak rankont pou edike Nouyòkè yo sou kijan pou moun aplike pou yon paspò, kijan pou yo aplike pou inivèsite, kisa pou yo fè si/lè ofisyè imigrasyon yo vini lakay yo, ki opsyon ki disponib pou viktim vyolans domestik yo, ak plis ankò.

Biwo pou Nouvo Ameriken an te tabli yon rezo navigate atravè eta a avèk yon konsantrasyon sou fason pou ofri enfòmasyon kòrèk ki fyab bay kominote imigran ak refiye yo. Navigate ONA yo te òganize seyans diskisyon ak gwoup ak defansè afilye yo, pwogram devlopman mendèv yo, konvèrsasyon kominotè pou fòme relasyon ant kominote yo, ak fòmasyon pou navigate adisyonèl yo fè vanse misyon ONA a.

ONA a te lanse resaman yon lòt tou premye pwogram nan nasyon an pou sipòte paran ak fanmi k ap pran swen timoun ki pa akonpanye ak/oswa ki san papye yo atravè yon patenarya ak Children's Village la ak Sant ONA yo ki nan Sant Refijye Amerik Santral lan (Central American Refugee Center) nan Long Island ak Neighbors Link ki nan Konte Westchester a.

Yo te rekonèt Modèl Sant Opòtinite reyisi ONA a an 2017 la nan Katriyèm Fowòm Majistral (Fourth Mayoral Forum) Nasyon Zini sou Mobilite, Migrasyon, ak Developman Imen (Human Mobility, Migration and Development) nan Bèlen, an Almay, ki rann li se premye fwa yo te rekonèt yon efò entegrasyon eta te òganize nan yon evènman Nazyon Zini.

Biwo pou Nouvo Ameriken an te resaman ogmante sansibilizasyon apre administrasyon Trump la te pran desizyon abitrè pou mete fen a Estati Pwoteje Tanporè (Temporary Protected Status) pou moun ki soti Elsalvadò, Ayiti ak Nikawagwa yo. Pami 114,127 Salvadoryen k ap viv aktyèlman nan Eta New York la, 16,200 ladan yo se benefisyè Estati Pwoteje Tanporè a epi desizyon gouvènman federal la pran pou mete fen a rekonesans lan pral afekte yo.

Pwojè Defans Libète

Gouvènè Cuomo te kreye Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project) an 2017 kòm repons a politik ostil federal yo, li se premye pwojè konsa nan peyi a ki sou direksyon eta a men ki se yon patenarya publik-prive, pou yo ede imigran yo - kèlkeswa estati imigrasyon yo - pou yo ka jwenn aksè a sèvis ak pwosesis legal yo. Pwojè Defans Libète a ofri sèvis legal esansyèl sou defans depòtasyon, reprezantasyon dirèk, konsiltasyon, asistans pou aplikasyon yo ak plis ankò. Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ap jere Pwojè Defans Libète a epi yo ap dirije l an patenarya ak kabinè jiridik, asosiyasyon legal, òganizasyon defans yo, inivèsite yo, gran inivèsite yo ak asosiyasyon bawo atravè eta a yo.

Nan sis premye mwa operasyon I, Pwojè Defans Libète a te ofri plis pase 3,000 sèvis gratis konfidansyèl pou moun ki bezwen asistans legal atravè rezo 47 gwoup komunitè yo.

Doris Moran, yo te ede jwenn sitwayènte atravè ONA a, te di, "Gras a Biwo pou Nouvo Ameriken an, mwen se yon sitwayen Ameriken. Apre m te pase anpil ane ap tann pou moman espesyal sa a, ONA te ede m atravè pwosesis la avèk NaturalizeNY epi mwen sèten anpil imigran nan New York ap resevwa gid ONA pou yo reyisi nan New York".

Gareth Shippy, ONA te ede atravè pwosesis natiralizasyon li an, te di, "Biwo pou Nouvo Ameriken an se yon resous ekselan pou kominate Imigran nan New York la. Yo ofri mwen opòtinite pou m vin yon sitwayen Ameriken epi mwen vrèman rekonesan pou sa a, epi mwen sèten anpil milyon imigran tankou m yo ka pwofite de pwogram eta mèveye sa a epi jwenn èd yo bezwen pou yo fè pati fanmi New York la".

Carola Otero Bracco, Direktè Egzekitif Neighbors Link lan, te di, "Travay an patenarya avèk anplwaye ak lidè nan Biwo pou Nouvo Ameriken an te ofri Neighbors

Link opòtinite pou nou elve pwogramasyon nou an nan fason ki depase atant nou yo. Se yon lonè pou nou epi nou rekonesan pou nou fè pati pwogram sa a. Nou ap selebre avèk nou epi nou kontan anpil pou nou kanpe avèk nou pou nou kontinye ofri opòtinite pou imigran yo pwospere epi santi yo responsabilize yo epi mete yo an valè nan eta a ak nan kominote lokal nou an yo”.

Jose Calderon, ki se Prezidan Federasyon Ispanik lan (Hispanic Federation), te deklare, “Federasyon Ispanik lan kanpe bò kote Gouvènè Cuomo pou nou selebre 5èm anivèsè Biwo pou Nouvo Ameriken an. Gras a lidèchip Gouvènè a, anivèsè sa non sèlman reflete siksè efò eta ap fè pou l ede kominote imigran yo, men tou li se refleksyon angajman li pran pou l responsabilize imigran atravè New York yo. Federasyon Ispanik lan te wè pèsonèlman kijan inisyativ sa te ede anpil santèn milye imigran - soti nan plis entegrasyon atravè kou ESOL yo ak kou sivik yo rive nan jwenn aksè a founisè sèvis imigrasyon fyab yo- an gwo, Biwo pou Nouvo Ameriken an te ranfòse kiminote nou an yo. Nou fyè pou nou fè patenarya avèk Biwo pou Nouvo Ameriken an epi nou fyè pou nou sèvi imigran atravè pwogram pwisan sa a”.

Anne Erickson, ki se Prezidan & PDG Sant Jistis Empire a (Empire Justice Center), te di, “Nou kontan anpil pou nou selebre Senkyèm Anivèsè lè Gouvènè Andrew Cuomo te kreye ONA. ONA rete yon fòs transfòmatè ak inovatè pou nouvo Ameriken yo nan New York. Anplwaye ONA yo konstaman renkontre nouvo defi kominote imigran ap konfwonte yo ak kreyativite ak pasyon - kèlkeswa se itilizasyon teknoloji inovatè pou ede yo ak aprantisaj lang anglè, kreyasyon yon fon pou ede imigran ki gen revni fèb yo peye frè aplikasyon pwosesis natiralizasyon yo oswa devlope nouvo Pwojè Defans Libète a yo byen bezwen an. Sant Jistis Empire a fyè pou nou kanpe avèk Gouvènè Cuomo ak ONA pandan n ap travay pou nou pwoteje ak defann dwa fanmi imigran k ap viv New York yo”.

Angela Fernandez, Esq, ki se Direktè Egzekitif Kowalisyon pou Dwa Imigran Onò Manhattan lan (Northern Manhattan Coalition for Immigrant Rights), te di, “Nou felisite Gouvènè Cuomo pou vizyon ak prevwayans li nan kad kreyasyon Biwo pou Nouvo Imigran an, ki se yon enstitisyon enpòtan pou imigran Eta New York yo. Biwo pou Nouvo Imigran an ofri zouti legal ak edikasyonèl pou Nouyòkè ki swete rete la ak fanmi yo ak kominote yo”.

Monseyè Kevin Sullivan, Direktè Jeneral Catholic Charities nan Achiduosèz New York la, te deklare, “Devlopman Biwo pou Nouvo Ameriken an kontinye eritaj Eta New York la kòm yon kominote akeyan pou imigran ki vin Etazini yo. Pandan n ap make 5èm anivèsè etablisman sant yo toupatou atravè eta a, nou wete chapo nou pou inisyativ sa a kote yo ofri moun ki fenk vini yo konesans yo bezwen pou yo pwofite de plizyè opòtinite peyi sa akòde yo. Catholic Charities fyè pou nou fè pati inisyativ sa a depi kreyasyon l epi nou atann pou nou kontinye patenarya sa a an favè imigrasyon akeyan ak entegre nan New York”.

Jo-Ann Yoo, ki se Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Dorijin Azyatik la (Asian American Federation), te di, “Felisitasyon a Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la paske nou atenn anivèsè enpòtan sa al! Kounye a, plis pase jamè, lè y ap denigre imigran yo epi anpil nan yo ap viv nan lakrent, travay ONA enpòtan anpil pou ede moun ki fenk vini nan peyi a yo lè yo responsabilize yo pou yo angaje nan lavi sivik

nan kominate yo. Anplis, pou kominate panazyatik la, pwogram Sant Opòtinite ONA a te pèmèt gwoup kiminote konfyan yo gide moun ak fanmi ki gen revni fèb ak sila k ap travay yo atravè pwosesis sitwayènte a, ki gen ladan peye pou frè aplikasyon yo. Nou aplodi efò ONA ap fè pou yo prioyorize sèvis entegrasyon yo, ansanm ak sèvis natirализаyon ak sèvis imigrasyon legal yo, pou yo kreye yon modèl responsabilizasyon sivik olistik. Nou atann pou anpil ane patenarya reyisi ankò nan kad sèvis ak sipò pou novo Nouyòkè yo”.

Oren Root, ki se direktè Sant pou Imigrasyon ak Jistis (Center on Immigration and Justice) nan Vera Institute of Justice la, te di, “Pwojè Defans Libète a ap ede anpil milye fanmi imigran resevwa pwosè an bòn e fòm etabli ak chans pou yo rete ansanm. Nan okazyon senkyèm anivèsè kreyasyon Biwo pou Nuevo Ameriken an, Vera wete chapo I pou Gouvènè Cuomo ak angajman solid ONA pran anvè pwoteksyon fanmi imigran yo nan Eta New York la”.

Steven Choi, Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon New York (New York Immigration Coalition, NYIC), te deklare, “Biwo pou Nuevo Ameriken an rete yon egzanp briyan pou montre kijan gouvènman ka soulve kominate imigran yo. Kowalisyon Imigrasyon New York la (NYIC) te defann kreyasyon biwo sa pandan plizyè ane, sa fè nou fyè pou nou fè patenarya ak ONA depi lè Gouvènè Cuomo te kreye li gen senkan pase, pandan I ap vin yon resous vital k ap pwoteje kominate imigran yo kont eskwokri ak fwòd, ogmante sensibilizasyon sou aplikasyon pou DACA, kreye sant djòb pou imigran yo, epi ogmante fòmasyon pou Moun k ap Aprann Lang Angè a yo. Avèk yon gouvèman federal ostil, ONA pi enpòtan pase jamè pou prezèv New York nou an, epi ranfòse divèsite ki fè nou gran”.

Imigran ak Refijye nan Eta New York yo

Dapre [Konsèy Imigrasyon Ameriken an \(American Immigration Council\)](#):

- Youn sou chak senk Nouyòkè se yon imigran - ki reprezante 4.5 milyon, oswa 22.9 poustan nan popilasyon eta a an 2015. Youn an chak sis sitwayen Ameriken ki fèt Ozetazini gen omwen youn nan paran yo ki se imigran.
- Imigran yo fè pati plis pase 25 poustan fòs mendèv New York la epi yo kontribiye anpil milya dola nan taks federal ak eta a yo.
- Fwaye ki gen yon imigran k ap jere yo nan New York te ajoute sou ekonomi eta a lè yo depanse plis pase 103 milya dola nan revni apre taks an 2014 sèlman.
- Gen 347,573 pwopriyetè biznis ki imigran, ki reprezante 33.8 poustan nan rezidan travayè endepadan New York yo an 2015, k ap jenere 7.2 milya dola nan revni biznis.

Prèske 44,000 benefisyè Aksyon Difere pou Tlmoun ki vini Depi Piti yo (DACA) ap viv nan New York [daprè Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte Etazini an \(US Citizenship and Immigration Services, USCIS\)](#).

Imigran nan New York yo te ede estabilize popilasyon kominate nan Rejyon Nò yo, ki te an bès depi Ilèm Gè Mondyal la, daprè [Biwo Kontwolè Eta a \(Office of the State Comptroller\)](#).

Eta New York la te aksepte 5,026 refijye ant Oktòb 2015 ak Septanm 2016 - ki se twazyèm kantite ki pi elve nan peyi a daprè [Depatman Eta Etazini an \(U.S. Department of State\)](#). Repiblik Demokratik Congo reprezante gwoup ki gen plis moun lan (951), epi apre sa:

- Somali (819)
- Myanma (782)
- Siri (640)
- Irak (427)
- Bitan (320)
- Afganistan (272)

Pami refijye sa yo Rejyon Nò New York la te aksepte 94 pousan (4,722).

Espesyalman, Konte Erie a ki te pran 36 pousan, apre sa Konte Onondaga an dezyèm avèk 25 pousan. Rejyon Metropolitèn Vil New York/Long Island lan te aksepte rès 6 pousan an.

Biwo pou Nouvo Ameriken an ap toujou chache volontè pou ede yo nan Sant Opòtinite atravè eta a yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Biwo pou Nouvo Ameriken an ak opòtinite pou volontè yo, vizite www.newamericans.ny.gov.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwojè Defans Libète a ak opòtinite pou avoka ak etidyan nan fakilte dwa kòm volontè gratis yo, vizite www.ny.gov/programs/liberty-defense-project.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)